



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE KANPAY NAN TOUN ETA A POU METE AKSAN SOU FINANSMAN POU FOUNISÈ GADRI AK FANMI**

***Kanpay milti-medya nan tout eta a te vize ogmante sansibilizasyon sou plis limit elijibilite nan revni pou sibvansyon gadri yo***

***Anonse elijibilite elaji pou dezyèm faz sibvansyon estabilizasyon pou founisè gadri ki jwenn finansman gouvèman federal***

***Prèske 400,000 timoun fèk elijib pou asistans***

Gouvènè Kathy Hochul, jodi a, ansanm ak Senatè Kirsten Gillibrand, te lanse yon kanpay milti-medya nan tout eta a pou ede asire fanmi ki elijib yo jwenn asistans pou gadri. Elijibilite pou asistans nan gadri, ke Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) eta a administre a, te elaji mwa sa a pou enkli fanmi ki touche jiska 300 pousan nan nivo federal povrete a, ki soti nan 200 pousan, ki pwolonje elijibilite pou anviwon 394,000 jèn timoun atravè tout New York. Depi mwa sa a, yon fanmi kat moun ki touche jiska 83,250 dola kounye a elijib pou asistans gadri pandan ke, anvan sa, limit la te 55,500 dola oswa mwens. Gouvènè Hochul te anonse tou elijibilite elaji pou yon dezyèm faz sibvansyon pou Estabilizasyon Founisè Gadri gouvènman federal la finanse. Apati jodi a, tout pwogram gadri ki gen laj lekòl ak plis pase 900 founisè ki te gen lisans jiska 1 janvyè 2022 ka aplike pou sibvansyon sa yo.

"Antanke premye Gouvènè New York ki se yon manman, mwen konnen dirèkteman kijan gadri abòdab enpòtan pou avni ou ak fanmi ou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou ogmante limit revni pou asistans gadri, nou ka soulaje yon fado ki te lou pou plizyè santèn milye Nouyòkè ak, sitou, manman k ap travay yo. Administrasyon mwen an te fè envèstisman istorik nan gadri, epi kanpay milti-medya nan tout eta a se dènye mezi enpòtan n ap pran pou ede fanmi yo resevwa asistans yo bezwen ak merite".

"Mank gadri abòdab nan eta nou an se yon kriz", **Senatè Gillibrand te deklare.** "Nou dwe fè plis pou sipòte fanmi nou yo ak pwofesyonèl nan gadri nou yo. Se poutèt sa mwen fyè dèske mwen te goumen pou adopte Plan Sekou Ameriken an ak *Lwa CARES*, lejislasyon ki kounye a ap bay plizyè milyon finansman federal bay founisè gadri New York yo epi ki fè swen pi aksesib epi abòdab pou moun ki bezwen. li. Finansman elaji sa a pral ede paran atravè eta nou an retounen travay ak lide ke pitit yo

nan bon men pandan y ap bay travayè gadri yo resous yo bezwen pou yo reyisi. Mwen pral kontinye travay ak Gouvènè Hochul pou asire tout fanmi New York yo gen sipò yo bezwen pou yo pwospere".

Kanpay asistans pou gadri a konsantre sou ankouraje Nouyòkè yo jwenn aksè nan avantaj sa a pou yo ka resevwa èd pou peye gadri bon jan kalite, ki se youn nan pi gwo depans pou fanmi apre depans pou lojman. Apati jodi a, OCFS pral kòmanse yon kanpay afichaj, radyo ak rezo sosyal pou fè fanmi yo konnen yo ka resevwa èd pou peye gadri. Kanpay la pral prezante kontni sou ekran dijital nan lokal ki vann an detay, tablo afichaj sou otowout yo, afich bò otobis yo, lesiv otomatik, salon ak kwafè an Angle ak Panyòl.

Finanse atravè Lwa Plan Sekou Ameriken an, kanpay la pral kòmanse jodi a nan zòn andeyò Vil New York epi answit, nan mwa oktòb, nan zòn ki nan rejyon senk minisipalite a. Fanmi yo ka jwenn plis enfòmasyon lè yo ale sou [OCFS.ny.gov/ccap](https://ocfs.ny.gov/ccap).

**Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila Poole, te deklare,** "Mesaj ki pi enpòtan an se ke nou ka ede plis fanmi pase anvan pou peye pou gadri. Finansman an disponib si yon moun ap retounen travay, si l ap travay deja, ap resevwa fòmasyon oswa ale lekòl. Paran yo ta dwe ale sou entènèt oswa rele depatman sèvis sosyal lokal yo pou wè si yo elijib. Epi nou kontan anpil dèske finansman sa a pral sipòte tou founisè gadri nou yo k ap travay di paske yo fè kèk nan travay ki pi enpòtan yo".

Gouvènè Hochul te anonse tou ke tout pwogram gadri pou timoun ki gen laj lekòl ak plis pase 900 founisè ki te gen lisans apre 1 janvyè kapab kounye a aplike pou dezyèm faz sibvansyon estabilizasyon pou founisè gadri yo. Nan kad bidjè ane fiskal 2023 a, yo te atribye 343 milyon dola pou sibvansyon estabilizasyon yo, kote 75 pousan nan finansman an dedye pou sipò mendèv. Sibvansyon sa yo ka itilize pou bay ogmantasyon salè, bonis, ranbousman frè lekòl ak kontribisyon nan plan retrèt anplwaye yo ak depans asirans sante.

Gouvènè a deja [te anonse](#) ke founisè ki gen lisans anvan 1 janvyè ka aplike pou finansman sa a. Jiskaprezan, plis pase 152 milyon dola sibvansyon estabilizasyon te apwouve pou 7,788 founisè atravè eta a nan dezyèm faz finansman an. Sa enkli 108 milyon dola nan bonis oswa ogmantasyon nan salè; 8 milyon dola nan kontribisyon nan plan retrèt anplwaye yo ki konplete nenpòt kontribisyon anplwayè; 6.4 milyon dola nan kontribisyon pou depans asirans sante anplwaye yo; 4.2 milyon dola nan sipò ak sèvis sante mantal pou anplwaye yo; 9.7 milyon dola nan avansman edikasyon siplemantè oswa ranbousman frè lekòl; ak 15.7 milyon dola pou lòt depans ki elijib yo. Ane pase a, plis pase 900 milyon dola te distribiye bay founisè gadri yo, ki reprezante yon investisman istorik nan swen ak edikasyon timoun piti.

Founisè ki elijib yo ka jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Ogmantasyon limit revni an te soti nan investisman istorik 2 milya dola Gouvènè Hochul te fè pou ogmante kantite fanmi ki elijib pou asistans gadri epi asire founisè

gadri yo byen finanse pou sèvis esansyèl yo. Envestisman sa a gen ladan 894 milyon dola nan nouvo finansman Sibvansyon Global Gadri Eta New York, ki te adopte nan Bidjè Eta resan an; plis pase 500 milyon dola nan fon ki pa te depanse te distribiye anvan sa bay depatman sèvis sosyal yo; ak plis pase 600 milyon dola nan finansman pou pandemi COVID-19 ki egziste.

Anons sa yo fè pati enestisman istorik ki te fèt nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a ki genyen ladan l yon envestisman 7 milya dola san presedan sou kat ane epi elaji aksè nan gadri bon kalite pou sipòte timoun ak fanmi yo epi ede estimile rekiperasyon ekonomik kontinyèl Eta New York.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)